दिन–रविवार                                                                                   दिनांक–6.04.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                          अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे पछिला दस वर्ष मे सरकार देश मे बुनियादी ढांचा के मजगूत करबाक लेल समर्पित प्रयास कयलक अछि। श्री मोदी पछिला दस वर्ष मे विभिन्न उपलब्धि सभक चर्चा करैत कहलनि जे देश मे सड़क, हवाई अड्डा आ बंदरगाह आ बुनियादी क्षेत्र मे छओ गुना बेसी आवंटन भेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे मालवहन मे पूर्वी आ पश्चिमी मालवहन गलियारा आ वंदे भारत, अमृत भारत आ नमो भारत रेल सेवा सभ महत्वपूर्ण अछि। तमिलनाडु मे आ वर्टिकल लिफ्ट समुद्री पुल पम्बन ब्रिज के उद्घाटन आ आठ हजार तीन सय करोड़ टाकाक परियोजना सभक आधारशीला रखबाक बाद कहलनि जे तमिलनाडु विकास राष्ट्रक विकास मे योगदान देलक अछि। ओ कहलनि जे ई परियोजना सभ रामनवमीक अवसर पर एक उपहार अछि।

---

रामनवमीक पावनि आइ धार्मिक श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ई पावनि भगवान विष्णुक सातम अवतार भगवान राम के जन्मक उपलक्ष्य मे मनाओल जाईत अछि। मिथिलांचल सहित प्रदेशक विभिन्न मंदिर मे सेहो लोक भगवान श्री राम आ भक्तराज हनुमान के पूजा कऽ रहलाह अछि। रामनवमीक अवसर पर आइ ठाम–ठाम भव्य शोभायात्रा निकालल जा रहल अछि।

---

एम्हर, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित आन राजनीतिज्ञ सभ सेहो प्रदेशवासी सभ के रामनवमीक शुभकामना देलनि अछि। बिहार विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आ विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायाण सिंह सेहो पावनिक शुभकामना देलनि अछि।

—————————————————

चैती दुर्गापूजाक अंतिम दिन आइ देवी दुर्गा के सिद्धिदात्री स्वरूपक पूजा–अर्चना भऽ रहल अछि। मान्यताक अनुसार माताक ई स्वरूप सिद्धि ओ मनोरथ सभ के प्रदान ओ पूर्ण करयबला होइत अछि।

—————————————————

भारतीय जनता पार्टी आइ अपन छियालीसम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर नव दिल्ली मे भाजपा अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री जगत प्रकाश नड्डा भाजपा मुख्यालय मे पार्टीक झंडा फहरौलनि। एम्हर, प्रदेश मे भाजपा स्थपना दिवसक अवसर पर पटना स्थित प्रदेश मुख्यालय मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप कुमार जायसवाल पार्टीक झंडा फहरौलनि। स्थापना दिवस समारोह मे पार्टीक कार्यकर्ता सभ के संबोधित करैत प्रदेश अध्यक्ष कहलनि जे पार्टीक कार्यकर्ता देशक संस्कृति, विचारधारा आ विरासतक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे एक भारत श्रेष्ठ भारत बनेबा के लऽकऽ पार्टी अपन पूर्वज आ वरिष्ठ नेता लोकनिक जनाओल मार्ग पर आगां बढ़ि रहल अछि। डॉक्टर जायसवाल एकर बाद डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी आ पंडित दीनदयाल उपाध्याय के प्रतिमा पर माल्यार्पण कयलनि। समारोह मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थित छलाह। पार्टीक वरिष्ठ नेता आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री रविशंकर प्रसाद, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सहित कतेको वरिष्ठ नेता एहि अवसर पर उपस्थित छलाह।

—————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू वक्फ संशोधन विधेयक के स्वीकृति दऽ देलनि अछि। एकर संगहि, अधिसूचना जारी होयबाक बाद ई विधेयक आब कानून बनि गेल अछि। संसद एहि विधेयक के अहि सप्ताह पारित कयने छल।

—————————————————

एम्हर, राजद आ कांग्रेसक नेतृत्वबला महागठबंधनक घटक सीपीआई वक्फ कानून पर महागठबंधनक बैसक बजेबाक बात कहलक अछि। भारतीय कम्युनिस्ट पार्टीक राज्य सचिव रामनरेश पांडेय आरोप लागौलनि जे नव वक्फ कानून धार्मिक संस्था सभक

स्वायत्तता पर खतरा अछि, एहि लेल महागठबंधन के एकर विरोध के लऽकऽ विचार करबाक चाही।

———————————————————————

राज्यक उत्तर–पश्चिमी हवाक गति कम होयबाक कारणे तापमान मे वृद्धि भऽ रहल अछि। मौसम विभागक अनुसार राज्यक अधिकांश भाग मे अधिकतम तापमान चौतीस डिग्री सेल्सियस सँ चालीस डिग्री सेल्सियस बनल अछि। एम्हर बंगालक खाड़ी मे हवाक कम दबावक क्षेत्र बनि रहल अछि। जाहि कारणे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान मौसम मे परिवर्तन भऽ सकत। मौसम विभाग काल्हि सँ सुपौल, अररिया, किशनगंज, मधेपुरा, सहरसा, पूर्णियां, कटिहार, वैशाली आ समस्तीपुर मे तेजी सँ बदलावक संभावना जतौलक अछि। एहि सँ वर्षा आ वज्रपात के लऽकऽ अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक वाल्मीकि टाईगर रिर्जवक जंगल मे भीषण आगि लगबा सँ करीब छओ एकड़ जंगल जरि गेल अछि। वनकर्मी के टीम कडगर मेहनत कऽ आगि पर नियंत्रण कऽ लेलनि अछि।

———————————————————————

समाप्त